

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Jangjawokan di Désa Nagrak Kacamatan Buahdua Kabupatén Sumedang anu kainvéntarisir jumlahna aya 50 jangjawokan.

Tina populasi anu 50 jangjawokan, ditangtukeun 20 jangjawokan anu dianalisis. Salian ti éta, tina 50 jangjawokan dianalisis 46 jangjawokan anu bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi basa jeung sastra Sunda di SMA, sarta opat jangjawokan anu teu merenah dipaké bahan pangajaran aprésiasi basa jeung sastra Sunda di SMA. Jangjawokan dianalisis ngagunakeun sistem acak (random).

Métode anu digunakeun dina nganalisis jangjawokan nya éta métode déskripsi analitik, sedengkeun instrumén anu digunakeun nya éta lambar analisis. Dina lambar analisis ditangtukeun unsur-unsur anu baris dianalisis anu ngawengku: 1) judul jangjawokan, 2) nomer jangjawokan, 3) téks jangjawokan, 4) wangun jangjawokan, 5) purwakanti jangjawokan anu ngawengku rantayan adusari, aduraras, jeung adumanis, 8) basa anu digunakeun dina jangjawokan.

Sabada dianalisis atawa dilakukeun kajian kana sampel jangjawokan ti Désa Nagrak Kacamatan Buahdua Kabupatén Sumedang bisa dirumuskeun kacindekan saperti ieu di handap.

1) Wangun

Wangun anu kapanggih dina tiap jangjawokan nya éta jumlah gundukan (pada) jeung jajaran (padalisa) henteu matok. Kitu deui pola engang dina tiap jajarana ogé henteu sarua. Aya anu diwangun ku genep engang, tujuh engang,

dalapan engang, salapan engang, sapuluh engang, sabelas engang, dua belas engang, tilu belas engang, opat belas engang, jeung lima belas engang.

2) Wirahma

Wirahma jangjawokan pola engangna henteu angger, randegan dina unggal jajaran béda jumlahna, aya nu sarandegan, dua randegan, jeung tilu randegan. Randegan anu mindeng kapanggih dina unggal padalisa (jajaran) nya éta anu dua randegan. Pola engang nu aya dina jangjawokan umumna henteu angger, aya pola engang: 1-5, 1-7, 1-2-4, 1-1-11, 1-2-5, 1-1-3, 2-4, 2-5, 2-2, 3-4, 3-5, 3-6, 4-5, 4-4, 3-3-6, 4-2-3, 5-3 jeung sajabana. Pola engang anu mindeng kapanggih nya éta pola engang 3-6 jeung 4-4.

3) Eusi

Eusi jangjawokan luyu jeung judul jangjawokanana sorangan. Contona baé jangjawokan paranti leumpang, dina jangjawokan paranti leumpang jerona ogé ngeunaan hal-hal sangkan nalika leumpang téh dijauhkeun tina hal-hal anu matak nyilakakeun.

4) Purwakanti

Purwakanti anu kapanggih dina tiap jangjawokan nya éta purwakanti rantayan adusari, purwakanti rantayan aduraras, jeung purwakanti rantayan adumanis. Purwakanti anu mindeng kapanggih dina unggal jangjawokan nya éta purwakanti rantayan adusari.

5) Basa

Basa anu digunakeun dina jangjawokan umumna ngagunakeun basa Sunda anu diuwuhan ku basa Jawa, basa Kawi, basa Sansekerta, basa Arab, jeung basa Indonésia.

6) Kurikulum anu dipaké di SMA Negeri I Cicaléngka nya éta Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) 2006. Pangajaran basa jeung sastra Sunda ieu dumasar kana Standar Kompetensi Kompetensi Dasar (SKKD) Muatan Lokal Basa jeung Sastra Sunda anu mangrupa bagian tina Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP). Ku kituna cara nepikeun bahan pangajaran ogé luyu jeung Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) jeung silabus.

7) Jangjawokan anu bisa dipaké bahan pangajaran aprésiasi basa jeung sastra Sunda nya éta aya 47 jangjawokan.

1. Jangjawokan paranti dibaju
2. Jangjawokan paranti nyisiran buuk
3. Jangjawokan paranti disamping
4. Jangjawokan paranti seuri
5. Jangjawokan paranti mandi
6. Jangjawokan paranti saré
7. Jangjawokan paranti indit-inditan/miang
8. Jangjawokan paranti ngadéngé guludug gedé
9. Jangjawokan paranti ngaliwat kanu suni
10. Jangjawokan paranti lumpat
11. Jangjawokan paranti pepelakan
12. Jangjawokan paranti adus héd/nipas
13. Jangjawokan paranti mérésan enggon saré
14. Jangjawokan paranti dahar
15. Jangjawokan paranti dangdan

16. Jangjawokan paranti ibak
17. Jangjawokan paranti diwedak
18. Jangjawokan paranti bunggak beuteung
19. Jangjawokan paranti leumpang
20. Jangjawokan paranti neundeun béas
21. Jangjawokan paranti masamoan
22. Jangjawokan paranti kabeuratan
23. Jangjawokan paranti kahampangan
24. Jangjawokan paranti netelkeun sangu dina boboko
25. Jangjawokan paranti lamun rék puasa mutih
26. Jangjawokan paranti mukakeun lawang goah atawa leuit
27. Jangjawokan paranti ngaleuseuhan (nutu anyaran)
28. Jangjawokan paranti nyeupah
29. Jangjawokan paranti ngisikan
30. Jangjawokan paranti nyiuk béas
31. Jangjawokan paranti nyeri huntu
32. Jangjawokan paranti buka puasa
33. Jangjawokan paranti ngaréndos samara
34. Jangjawokan paranti nyambel
35. Jangjawokan paranti ngais budak orok
36. Jangjawokan paranti udud
37. Jangjawokan paranti budak labuh
38. Jangjawokan paranti melak suuk
39. Jangjawokan paranti ngamandian
40. Jangjawokan paranti melak kalapa
41. Jangjawokan paranti ngaragian peuyeum ketan
42. Jangjawokan paranti maké baju
43. Jangjawokan paranti ngamandian budak sunat
44. Jangjawokan paranti buka puasa
45. Jangjawokan paranti ngalulur budak sunat
46. Jangjawokan paranti meuncit sasatoan (sukuna dua/opat)

Jeung jangjawokan anu teu bisa dipaké bahan pangajaran aprésiasi basa jeung sastra sunda nya éta aya opat, diantarana:

1. Jangjawokan paranti ngukus di nu hajat,
2. Jangjawokan paranti mukakeun palawangan,
3. Jangjawokan paranti nyangu di nu hajat
4. Jangjawokan paranti ngarépéhkeun budak nu adian

7) Hasil uji coba pangajaran aprésiasi sastra anu mangrupa aprésiasi puisi jangjawokan nuduhkeun yén 122 siswa (91%) dianggap lulus tina 134 siswa anu milu tés. Siswa anu teu lulus aya 12 siswa (8,9%). Tés anu dilaksanakeun nya éta tés pilihan ganda biasa anu jumlahna 30 soal.

5.2 Saran

- 1) Puisi jangjawokan anu aya di Désa Nagrak Kacamatan Buahdua Kabupatén Sumedang mangrupa salah sahiji karya lisan warisan karuhun baheula. Ku kituna, generasi ngora kudu bisa ngamumulé jeung miara budaya urang Sunda jeung warisan-warisan titinggal kolot baheula.
- 2) Guru widang studi basa jeung sastra Sunda di SMA kudu parigel dina milih jeung nangtukeun bahan pangajaran sangkan leuwih variasi jeung bisa narik minat siswa, nu antukna bisa ningkatkeun préstasi ngajar, jeung siswa henteu gampang bosen.
- 3) Lembaga Pamaréntahan Kacamatan Buahdua jeung Kabupatén Sumedang, kudu merhatikeun unggal panalungtikan nu patali jeung wewengkonna. Lantaran hasil panalungtikan mangrupa kakayaan budaya titinggal karuhun nu bisa dijadikeun tatapakan référénsi budaya Kabupatén Sumedang. Ku kituna, lembaga pamaréntahan di ieu Kacamatan jeung Kabupatén ogé kudu boga tarékah pikeun

ngumpulkeun jeung ngabukukeun karya panalungtikan umumna, hususna karya panalungtikan puisi jangjawokan.

